



Pou Piblikasyon Imedya: 10/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 9.7 MILYON DOLA YO BAY MINISIPALITE LOKAL YO POUTÈT YO DISOUD NIVO GOUVÈNMAN REPETITIF YO

Kredi sou Taks pou Ranfòsman Pouvwa Sitwayen an ofri gouvènman lokal yo alèjman taks ànyèl sou pwopriyete ak asistans pou kontinye sèvis yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yo pote 9.7 milyon dola nan kad Kredi sou Taks pou Ranfòsman Pouvwa Sitwayen an (Citizen Empowerment Tax Credit, CETC) bay 19 gouvènman lokal toupatou nan New York kote elektè yo te apwouve disolisyon yon vilaj anndan fwontyè yo. Gen twa lòt minisipalite ki te fè yon disolisyon vilaj nan fen 2017 la ki yo menm tou pral kòmanse resevwa avantaj taks sou kredi ànyèl sa a.

“Mwen fè elòj gouvènman lokal sa yo poutèt yo travay ansanm avèk kominote yo pou ogmante efikasite yo epi diminye kantite nivo yo nan biwokrasi a pou bese kou yo epi atake taks sou pwopriyete yo, ki toujou rete taks ki pi chè nan New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou pral kontinye travay avèk tout lokalite k ap chèche eksplòre jan pou modènize epi senplifye fonksyònman yo pou aleje taks rezidan yo.”

An 2011, Gouvènè Cuomo te kreye Kredi sou Taks pou Ranfòsman Pouvwa Sitwayen an pou ofri gouvènman lokal yo k ap vanse avèk konsolidasyon ak disolisyon yon èd ànyèl. Èd ànyèl la egal 15 pousan montan konbine taks sou pwopriyete imobilye yo tout minisipalite k ap patisipe nan konsolidasyon oswa disolisyon an prelve, rive a yon maksimòm 1 milyon dola. Omwen 70 pousan èd la dwe retounen nan men rezidan gouvènman lokal la sou fòm alèjman taks sou pwopriyete dirèk.

Rossana Rosado, ki se Sekretè Eta nan New York, te deklare, “Depatman Deta a (Department of State) kontinye ap ede minisipalite yo toupatou nan New York redui sèvis gouvènman lokal ki repetitif yo. Kredi sa yo bay kominote yo pouvwa travay yon fason pi entelijan ak pi efikas pou rezidan yo”.

Men minisipalite k ap benefisye CETC ànyèl la kounye a, pou yon total 9,718,411 dola:

Rejyon Kapital:

- 133,047 dola pou Vil Salem pou disolisyon Vilaj Salem nan (total 266,094 dola depi 2016).

Mohawk Valley:

- 78,960 dola pou Vil Bridgewater pou disolisyon Vilaj Bridgewater a (total 236,880 dola depi 2015).
- 47,749 dola pou Vil Trenton pou disolisyon Vilaj Prospect la (total 95,498 dola depi 2016).

North Country:

- 124,762 dola pou Vil Au Sable pou disolisyon Vilaj Keeseville la (total 374,287 dola depi 2015).
- 104,897 dola pou Vil Chesterfield pou disolisyon Vilaj Keeseville la (total 314,690 dola depi 2015).
- 90,199 dola pou Vil Edwards pou disolisyon Vilaj Edwards la (total 450,995 dola depi 2013).
- 85,223 dola pou Vil Hermon pou disolisyon Vilaj Hermon nan (depi 2017).
- 350,609 dola pou Vil Moriah pou disolisyon Vilaj Port Henry an (depi 2017).
- 139,703 dola pou Vil Wilna pou disolisyon Vilaj Herrings la (depi 2017).

Finger Lakes:

- 58,698 dola pou Vil Albion pou disolisyon Vilaj Altmar nan (total 234,792 dola depi 2014).
- 428,160 dola pou Vil Lyons pou disolisyon Vilaj Lyons la (total 856,320 dola depi 2016).
- 364,925 dola pou Vil Macedon pou disolisyon Vilaj Macedon nan (depi 2017).
- 57,133 dola pou Vil Pike pou disolisyon Vilaj Pike la (total 457,064 dola depi 2010).
- 538,557 dola pou Vil Seneca Falls pou disolisyon Vilaj Seneca Falls la (total 3,231,340 dola depi 2012).

Rejyon Lwès New York:

- 40,652 dola pou Vil Carollton pou disolisyon Vilaj Limestone nan (total 284,566 dola depi 2011).
- 27,974 dola pou Vil Conewango pou disolisyon Vilaj East Randolph la (total 167,845 dola depi 2012).
- 185,643 dola pou Vil Hanover pou disolisyon Vilaj Forestville la (depi 2017).
- 75,477 dola pou Vil Perrysburg pou disolisyon Vilaj Perrysburg la (total 452,864 dola depi 2012).
- 53,453 dola pou Vil Randolph pou disolisyon Vilaj East Randolph la (total 320,718 dola depi 2012).
- 141,393 dola pou Vil Randolph pou disolisyon Vilaj Randolph la (total 848,356 dola depi 2012).

Apati fen 2017, twa lòt minisipalite pral benefisye CETC a kòmanse ane sa a (montan anyèl yo poko detèmine):

Long Island:

- Vil Brookhaven pral resevwa avantaj CETC pou disolisyon Mastic Beach.

Rejyon Lwès New York:

- Vil Cherry Creek pral resevwa avantaj la pou disolisyon Vilaj Cherry Creek la.

Mohawk Valley:

- Vil Trenton pral resevwa yon lòt avantaj pou disolisyon Vilaj Barneveld la.

Anplis CETC a, Depatman Deta a ofri rekonpans pou planifikasyon ak egzekisyon pou minisipalite k ap konsidere oswa konsolidasyon oswa disolisyon, epi pou etablisman nouvo kolaborasyon ant tout nivo gouvènman lokal yo, sa gen ladan distrik eskolè yo. Rezidan New York yo ak lidè kominote yo k ap chèche jwenn plis enfòmasyon sou konsolidasyon oswa disolisyon kominote dwe vizite [Divizyon Sèvis Gouvènman Lokal Depatman Deta New York la \(New York Department of State's Division of Local Government Services\)](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418